**РЕЗЮМЕ.** Мақолада мустақиллик йўлларида (1991-2021 йўлларида) Қорақалпоғистонниг экологик сиёсати, ижтимоий-иқтисодий ва экологик сиёсатнинг ривожланиш босқичлари бўйича олиб борилган таҳлилий ривожланишнинг тарихий босқичларини ўрганиш масалалари кўриб чиқилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы исследований исторических этапов развития проведенного анализа по вопросам развития этапов экологической политики социально-экономической и экологической политики Каракалпакстана в годы независимости (1991-2021гг.).

**SUMMARY.** The article discusses issues of research into the historical stages of development of the analysis carried out on the development of stages of environmental policy, socio-economic and environmental policy of Karakalpakstan during the years of independence (1991-2021).

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АЙМАҒЫНДА ҚАЛАЛАРДЫҢ ГЕНЕЗИСИ ҲӘМ ТИПОЛОГИЯСЫ
## (Шымбай қаласы мысалында)

**З.Б.Есназарова** – *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** шаҳар, урбанизм, типология, генезис,эволюция.
**Ключевые слова:** город, урбанизм, типология, генезис, эволюция.
**Key words:** city, urbanism, typology, genesis, evolution.

Қалалар жәмийет раўажланыўының белгили бир басқышында пайда болады. Қаланың тийкарғы функциясы - қайта бөлистириў ямаса бөлистириўшилик ўазыйпасын атқарады. Қала тарийхы, турақлы артықша өним, қайта бөлистириўшилик жәмийетлик сананың арнаўлы формасы сыпатында айтыўымызға болады. Қаланың генезиси ҳәм тарийхының эволюциясы ҳәзирги күнде қала қурылысын жойбарластырыўда урбанизмдеги тар жол болып табылады. Қалалардың типологиялық тийкарғы белгилерине байланыслы классификацияластырыў мүмкин. «Изертленип атырған объектти билиў, бул тарийхый раўажланып атырған объектлердиң өзине тән идеал моделине тийкарланады. Қала жәмийетлик социаллық-экономикалық раўажланыўы менен белгиленетуғын халық жасайтуғын мәканлардың айырықша категориясы ретинде аўыллық пунктлердиң ишки структурасы өзине тән функциялары менен ажыралып турады» [1].

Типология-құбылыслар менен объектлердиң ишки белгилериниң жыйынтығы бойынша уқсас типлерди анықлаў менен шуғалланатуғын илим тараўы. Қалатаныўшылықта бар болған теория позициялар системасын емес, бәлким сыпат тәрепинен жаңа билимниң раўажланыўына жәрдем беретуғын айырықша жантасыўлар анализ етиледи. Қала тийкарғы механизм болып есапланады, сонлықтан экономиканы басқарыў, саўда ҳәм инвестициялар дәстүрли идеялар қаланың иерархиялық классификациясы халықтың санына қарап баҳаланады. Функционаллық ҳәм байланыслық, глобал миллий саўда ҳәм билимлендириў тармақлары, бәсекишилик инвестициялар ҳәзирги дәўирде сезилерли дәрежеде әмелге асырылмақта. Қалалардың глобал көлемдеги жағдайына тәсири, бул миллий қала системасына алып келеди. Усы көзқарастан алып қарағанда Қарақалпақстанда XX әсирдиң 30-жыларында қала ҳәм районлардың пайда болыўы әсирлер даўамында тарийхый дәўирлерди басынан кеширген.

Қала - тарийх ушын өтмиштиң жанлы гүўасы. Тарийхшылар қаланың пайда болыўын, гүллениўин, қыйралыўын, гейпара жағдайларда жоқ болып кетиў процесин, урбанизацияның тарийхый басқышларын, әсиресе, қаланың этникалық процесслерин анықлайды. Урбанизм машқалаларын толық проблематикалық сәўлелендириў тарийх илиминде фундаменталлық орынды ийелейди. Үлкениң географиялық, экономикалық, тәбийий жағдайлары, аймақларға халықтың көшип келиў процесслери менен оның турақласыўы арқалы айырым қала организмлериниң раўажланыў динамикасын анықлай отырып, тарийхый раўажланыўы, қыйралыўы ҳәм қарабақанаға айланыўы, улыўма алғанда, бир тутас тарийхый-мәдений ҳәм экономикалық тараўлардың өндирис күшлери менен қаланың экономикалық тараўлардың өндирис күшлери менен қаланың экономикалық динамикасын ҳәм т.б. тәреплерин анықлап береди. Көплеген тарийхшылар аймақта ямаса ҳәтте, бир мәмлекеттиң ишинде қаланың улыўма тәрийпин табыў мүмкин деп ойлайды. Сондай-ақ, бул анықламалардың турақлы дефинициясы да бар. Қала түсиниги көп мәнисли ҳәм көп қырлы, оны ҳеш қандай көзқарас пенен түсиндириў мүмкин емес, оны бир дициплина ямаса концепция сыпатында алып қараўға болады.

Қарақалпақстанда қалалардың бир неше рет раўажланыў процесслери ҳәр қыйлы ўайраншылықлар ҳәм сыртқы топылыслар нәтийжесинде тоқтатылып турғанлығы бизге мәлим. Жоқары раўажланған, мәдениятқа ийе, гүлленген қалалар Миздакхан, Топыраққала, Гүлдирсин, Қырық қыз ҳәм басқалардың қыйратылыўы, ҳәттеки, жер менен жексен етилиўи, яғный қарабақанаға айланыўы тарийхтан мәлим, буның айқын дәлили болады.

Деген менен, тарийхты жоқ етиўге ҳәм де бир қаланың жер менен жексен болыўы урбанизацияның сабақларын биротала үзип таслай алмайды. Қала – бул универсал түсиник, жеке, қоспалы тарийхый раўажланыў процесслеринде оның орны өз алдына. Ол өзгерислер бирден болып, сол ўақыттың өзине тән дәстүрлерин сақлап қалыў қәсийетине ийе[2].

Дәстүрли идея қалалардың иерархиялық классификациясы халықтың санына қарап тийкарланады, қала системаларын анықлаў даўлы жағдай. Функциялық ҳәм байланыс глобал, аймақлық саўда менен билим тармақлары, бәсекишилик ҳәм инвестициялар ҳәзирги күнде сезилерли дәрежеде тәмийинленбекте, қалалардың глобал көлеминдеги жағдайға тәсири ҳәм миллий қала системаларын алып қараўымызға болады. Тарийхый мағлыўматлар бойынша, Қарақалпақстан Республикасы аймағында Әмиўдәрьяның еки бойы жағалаўларында мәкан басып қоныслаған қарақалпақ халқы XVI –XVIII әсирлерден бурын пайда болған әййемги қалалар менен бир қатарда кейинги дәўирлерде қурылған қалаларда өзиниң раўажланыў тарийхын ҳәзирги дәўирде даўам етип атырғанлығы белгили.

Ҳақыйқатында да, Қарақалпақстан аймағында әзелден киятырған бес қала: Шымбай, Қыят, Төрткүл, Хожели, Қоңырат қалалары болған. Қалалардағы дифференцияластырыў халықтың саны менен ажыралып турады, сондай-ақ басқа да көрсеткишлер

тийкарында қарап шығылады. Усы бағдарда Қарақалпақстан қалаларының типологиясы анықланады. Бунда тийкарынан методикалық талап, орын таңлаў қуралы, санаат ислеп шығарыў, аймақлық мәкандағы методлары, қаланың оптимал көлемин анықлаў, социал – экономикалық машқалаларын шешиў, қала машқалаларын, азайтыў бойынша усыныслар, территориялық жақтан ажыралып турыў, яғный Қарақалпақстан аймағындағы дифференциация мәселесине итибар бериледи.

Мақаланың мақсети – критерийлер системасын таярлаў ҳәм Қарақалпақстан қалаларының типологиясы ҳәм генезиси. Қалалардың типологиясы бойынша көплеген алымлар изертлеў жумысын алып барған. Мысалы, Россия қалаларының биринши типологиясын В.П.Семенов ҳәм Тян Шанский ХХ әсирдиң басларында анализ еткен. Илимпаз қалалардың мәдений-тарийхый генезиси, физикалық географиялық шараятына қарап классификациялаған [3]. В.Глазычев қалалар типологиясын усынады, илимпаздың пикиринше, қалалар өз раўажланыў басқышына өтеди, булар қала әтирапы, яғный қала емес [4]. А.М.Архипов қаланың функционаллық типологиясын усынады. Бунда раўажланыў дәрежеси, функциялардың, территориялық мазмуны, экономикалық-географиялық жайласыўы алып қаралады. Изертлеўши орайлық қалалардың өзине тән спецификасын анықлаған. Россия қалалары- булар сол мәмлекеттиң ядросы болып табылады. Бунда тарийхый, мәдений, финанс орайы ҳәм олардың экономикалық жағдайының көлеми ҳәм корреляциясы менен байланыслы болады [5].

Демек, Қарақалпақстан қалаларының типологиясы ҳәм генезиси бойынша тарийхый мағлыўматларға сүйенсек,ертедеги бес қаланың бири болып табылған Шымбай қаласының пайда болыў ўақты ҳаққындағы мағлыўматлар рус илимпазлары тәрепинен Х1Х әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басында көплеп жыйналған. Х1Х әсирдиң 70-жылларында үлкемизге келип изертлеўлер жүргизген экспедиция ағзаларының бири А.Кун жергиликли халықтан жыйнаған мағлыўматларды келтирип, Шымбайға қоныcланыў онша узақ емес, 140 жыл алдын басланған дейди. Ал, Соболевтың қарақалпақтың бир бийиниң еске түсириўлери бойынша жазып алған мағлыўматларында, ҳәзирги Шымбай орнында бурын Шах-Темир қаласы болған. Әмиўдәрья бөлимин изертлеўшилердиң мағлыўматларына қарасақ, саўда менен шуғылланған Шымбай қаласының пайда болыўына 200 жыл болған деп көрсетеди. Шымбай районы дийханларының турмысы ҳаққында изертлеў жумысларын алып барған У.Шалекеновтың жазыўынша Шымбай қаласының пайда болыў тарийхы анық еле белгили емес.1913-жылы көшириў басқармасы хызметкерлериниң жазып алған мағлыўматлары бойынша, Шымбайдың пайда болыўы 200 жылдан кем емес. Ал, XVIII әсирдиң биринши ярымында тарийхый мағлыўматлар қаланың ертеде пайда болыўын тастыйықламайды. “Рус басқарыўшылары Шымбай қаласын рәсмий түрде қала деп қайта атады. XVI әсирдиң екинши ярымы ҳәм XVII әсирдиң басында 350-400 жыл бурын пайда болды, Шымбай қаласы XVIII әсирге шекем қала ретинде пайда болды” [6]-деп көрсетеди.

1897-жылғы халық есап санағының материалларынан пайдаланыў айтарлықтай қыйыншылықларды келтирип шығарады. Бул қыйыншылық Қарақалпақстанның административлик-аймақлық бөлиниўиндеги соңғы дәўирдеги өзгерислери менен байланыслы болды. Биринши Пүткил Россиялық халық есап-санағы мағлыўматларын анализлегенимизде, бир қатар надурыс мағлыўматлар келип шығады. Әмиўдәрья областының барлық халқы саны ҳаққындағы толық мағлыўматты 1897-жылдағы халық есап-санағын алыў материалларынан ҳәм 1920-жылы өткерилген Сырдәрья областының елатлы пунктлериниң дизиминен алыўға болады. 1920-жылы Түркистан АССР ының аймағында совет ҳүкиметиниң орнатылыўы менен халықтың 1897-жылғы халық есап-санағы ўақтында Қарақалпақстан территориясы еки бөлимнен: Әмиўдәрьяның шеп ҳәм оң жағалаўынан ибарат еди. Ол еле бирден-бир аймақлық статусқа ийе емес еди. Оның шеп жағалаўы Хийўа ханлығы қурамына, оң жағалаўы Россия империясы қурамына киретуғын еди.

1897-1921-жыллар аралығындағы халық санының динамикасы ҳаққындағы мағлыўматты төмендеги кестеден көриўимизге болады.

Әмиўдәрья областы халқының саны [7].

| | 1897-жылғы есап-санақ бойынша | 1912-жылғы мағлыўматлар бойынша | 1921-жылғы есап санақ бойынша |
|---|---|---|---|
| Төрткүл қаласы | 1392 | 2520 | 3683 |
| Аўыллық жерлер Соның ишинде: | 191281 | 199223 | 156912 |
| Шымбай уезди | - | 130006 | 80994 |
| Шорахан уезди | - | 69217 | 75918 |
| Область бойынша | 192673 | 201748 | 160595 |

Көринип турғанындай, областьтағы халық саны 1897-жылдан 1912-жылға шекемги дәўир ишинде бираз өсти, ал 1912-жылдан 1921-жылға шекем бирден азайды. Әмиўдәрья дельтасының оң жағалаўы тармақларының қурғап кетиўи ақыбетинде Шымбай уездиниң аўыллық орынларының халқының саны кемейип кетти.

ХХ әсирдиң басында Гиршфельдтиң мағлыўматы бойынша Шымбай қаласының халқы 801 үйден ибарат ямаса 4 мың адамды қураған. Халықтың саны бойынша ол Петро-Александровск ҳәм шеп жағалықтағы барлық қалалардан, Хийўаны есапламағанда көп болған.1906-жыллары Сырдәрья ўәлаятының шолыўында Шымбай қаласында 360 үй, 161 қара үй болған. Демек, бул ҳәр үй ҳәм қара үйде бес адамнан есапласақ, 2605 адамды қурайды. Генерал-майор Дерягинниң баянатында Шымбайда 535 үй болып,1900 ер адам, ҳаял-қызлар 3400 адамды қурайды. Улыўма Шымбай қаласында Х1Х әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басында еки мыңнан төрт мыңға шекем адам жасады деп көрсетиўге болады [8]. Шымбай участкасының қурамы 9 волостлықлардан ибарат еди. Олар: Нөкис, Шымбай, Кегейли, Қос көл, Есим, Дәўқара, Нәўпир, Таллық ҳәм Қоңырат волостлары еди. Шымбай волосты Әмиўдәрья дельтасында жайласқан болып оның батыс шегарасның орийнда, Шымбай қаласы жайласқан. Батыста Кегейли волостлығы қосылады ҳәм Кегейли каналы, батыста Қуўанышжарма каналы (бул Әмидарьяның ири каналларының бири), арқа тәрепте Туркмен-Қырылған кумлары шегарасына киреди. Шығыста Нәўпир ҳәм Көкөзек волостлықларының админстративлик шегарасы бар [9] .

Усы волостларда халықтың саны есапқа алынған. Шымбай участкасында 64078 ҳаял, 5885 ер, барлығы

12933 адам болған, 1913-жылы халық санының көбейиўи 201 465 адам болған халық жасайтуғын пункт Әмиўдәрья бөлиминиң дереклери бойынша алынған мағлыўматлар бойынша, көшип қонысласын атырған халықтың жерден пайдаланыўы мәселеси ҳаққында айтады. Әмиўдәрья дельтасының оң жағалаўындағы тармақларының қурғап кетиўи ақыбетинде Шымбай уездиниң аўыллық орынлары халқы саны кемейип кеткен.

Тийкарынан, 1927-жылы 3-июльде, Шымбай районы ҳәм Нукус волостларынан аўыл админстративлик бирлескен кеңеслерсиз дүзилген. Районның орайы Шымбай болып, орайдың территориясы 223 километрден ибарат болған. Районның территориясы улыўма 2416,6 квадрат километр пайда етеди. Халқы 39213 адам, олардың басым көпшилиги қарақалпақлар болып 34668 адам. Экономикалық жақтан район аўыл хожалығы, әсиресе пахташылық пенен шуғылланады. Район қурамына 13 аўыллық совет кирген [10].

1927-жылы ҚАО ның Шымбайдағы жаңа аймақлық орайын жойбарластырыў мәселесиндеги түсиндирме баянатында (пояснительная записка) көрсетилиўи бойынша алып қараймыз. Жайластырыў қала жобасына тийкарланады. Қалада бағдың жобасы көрсетилген майдан (площад) жасыл кеңисликлерди ийелеп турады. Ҳәўлилер ҳәм иморатлар 35 % майданды алып жатыр, көшелер -16,15 %, имарат қурылысы -8 %, арнаўлы майданлар мысалы, аэродром ҳәм т.б.13,5 % ийелейди. Ҳәр бир турар жай квартиралардың өзине тән ишки бағы бар. Турақ жай иморатлары ушын 375 участка бар болып, ҳәр бир участкаға орташа 16 адамнан туўра келеди. Қала халқы 600 адамды қурайды. Турақ жай иморатлары ушын участкалар 300 квадрат метрден 500 квадрат сажен деп көрсетилген. Админстративлик, жәмийетлик ҳәм өндирислик иморатлар ушын ислеп шығылған участкалар саны автордың басламасы менен мәмлекетлик әҳмийетке ийе болған мәкемелер ҳәм кәрханаларды қосыў бойынша таңлаўдың техникалық шәртлерине муўапық ажыратылады.

Қаланың админстративлик саўда бөлими Кегейли каналының шеп тәрепинде жайласқан: турар жай иморатларының бир бөлими де усы жерде жайласқан. Каналдың оң тәрепинде санаат кәрханалары, жумыс ушын арналған квартиралар, мектеп жайы, монша, базар, жабық базар жайласқан.

Кегейли каналы бойлап қаланың админстративлик бөлими ҳәм қоршап турған кең бульвар бар. Соның менен бирге, канал бойлап есип турған самалларды бульвар тереклери жумсартады. Көшелердиң кеңлиги жасыл егилген шөплердиң бир бөлимин береди. Еки магистраллық көше тийкарғы бағдарларға ийе: қаланың арқасынан арқа шығысында кеңлиги 40 см., 30 ға жақын тәртиптеги 1-көше – 25 м. Арқа тәрепте қаланың улыўма бөлими тереклер тоғайлар менен үзликсиз қапланған. Қала орайында 4,8 гектар майданға ийе дем алыў парки жайластырылған. Тийкарғы көшелер ҳәм көшелердиң екинши тәртипте оларды аяқтан суўғарыў арқалы шайқас әмелге асырылады [11].

1927-жылы 5-февральда Шымбай қаласында барлық округлик демографиялық есап-санақ бойынша халықтың санының қысқаша мазмуны төмендеги таблицада қарап шығамыз.

1927-жылы Шымбай қаласының халқы бойынша мағлыўмат [12].

| № | Волость лықлар | Халық жасайтуғын пунктлер саны | Хожалықлар саны | Халық саны | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Шымбай | 75 | 2862 | 13553 | 12,745 | 26,328 |
| 2 | Жаңа-базар | 55 | 1,317 | 6239 | 5638 | 11,877 |
| 3 | Таллық | 85 | 1,581 | 5190 | 4810 | 10,000 |
| 4 | Кегейли | 35 | 1763 | 6456 | 5626 | 12,082 |
| 5 | Нөкис | 33 | 1208 | 3592 | 3100 | 6692 |
| 6 | Дәўқара | 75 | 1629 | 5089 | 21873 | 9960 |
| 7 | Нәўпир | 82 | 2267 | 7719 | 7670 | 153889 |
| 8 | Көкөзек | - | - | - | - | - |
| | | 440 | 12627 | 47836 | 44492 | 92328 |

Көкөзек волостлығын ҳәм Қоңырат волостлықларын қоспағанда халықтың есабы ҳәм халық жасайтуғын орынлар таблицада көрсетилген. Ал, Шорахан уезди керисинше, қолайлы шараятта жайласқанлығы ушын оның халқы бираз көбейди. Әсиресе, халықтың үлкен өсими Төрткүл қаласында байқалған. Теория- тарийх илиминде қалалардың машқалалары үлкен сан менен шет ел әдебиятларында сәўлелендирген. Биз ең керекли болған Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы, Шымбай, Қыят, Төрткүл, Хожели, Қоңырат қалалары бойынша изертлеў жумысымызды алып қарайық. Шымбай қаласы Қарақалпақстан Республикасының арқа бөлиминде жайласқан.

1926-1939-жыллары Қарақалпақстан қалаларында халықтың саны [13].

| № | Қалалар | 1926-жыл | 1939-жыл |
|---|---|---|---|
| 1 | Төрткүл | 4,1мың адам | 19,6 мың адам |
| 2 | Нөкис | 3,4 мың адам | 14,0 мың адам |
| 3 | Хожели | 3,0 мың адам | 11,4 мың адам |
| 4 | Шымбай | 5,4 мың адам | 8,5 мың адам |
| 5 | Қоңырат | 4,2 мың адам | 4,9 мың адам |
| 6 | Мойнақ | 1,6 мың адам | 7,9 мың адам |

Таблицада Қарақалпақстанда қалалардың халқының саны бойынша динамикасы көрсетилген. Шымбай қаласында халықтың өсиўи көрсетилген. 1926-жылы 5,4 мың адам болған болса, 1939-жылы 8,5 мың адам қалаға келип қонысласқан.

Тийкарынан қала статусын алыўы ушын халқы он мыңнан аслам болыўы керек. Қалалар тийкарғы механизмлер экономиканы басқарыў, саўда қарым-қатнаслары инвестициялар алып қаралады. Қарақалпақстанның тарийхында әййемнен бери киятырған бес қала, бул Қарақалпақстан Республикасының конституциясында да тастыйықланған болып булар: Шымбай, Қыят, Төрткүл, Хожели, Қоңырат қалаларын атап көрсетиўге болады.

Жуўмақлап айтқанда, халық саны тығызлығына тийкарланған қалалар типологиясынан мәмлекет аймақлық кеңислигинде қаланың оптимал көлемин баҳалаў методологиясын ислеп шығыўда пайдаланыў нәзерде тутылған. Қалалардың географиялық жайласыўы бойынша типологиясы аймақлық орында санаат ислеп шығарыўды жайластырыўды таңлаўдың методикалық қуралын ислеп шығыў ушын теориялық тийкар болып хызмет етеди. Қарақалпақстанда қалалардың экономикалық ҳәм социаллық функциясына тийкарланған типологиясы, машқалаларын мақсетли шешиў бағдарламасын шешиў имканиятын береди.

**Әдебиятлар**

1. Буряков Ю.Ф. Генезис и этапы развития городской культуры Ташкентского оазиса. –Ташкент: "Фан" 1982. 6-б.
2. Есназарова З. Нөкис қаласының тарийхы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2023. 3-б.
3. Семенов –Тян-Шанский В.П. Город и деревня в европейской России: очерк по экономической географии. СПб:. Тип. В.Ф. Киршбаума, 1910. 12-б.
4. Глазычев В. Представление о городе и технологии управления средовым развитием. Доклад в в школе муниципального служащего. –Обнинск: 2005.
5. Архипов. А.М. Функциональная типология городов Центральной России. Вестник Академии. 2010, №2. 47-51-б.
6. Қудияров А. Шымбай тарийхынан. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2021 .15-17-б.
7 Yesnazarova Z. Materials of the population census in the region of Karakalpakstan – historical facts (1897-2003s). Galaxy interdiscipllnary research journal (giirj) IISSN (E): 2347-69.15. Vol. 10, Issue 3, Mar, 2022, 20-б.
8. Қудияров А. Город Чимбай в русских источниках (конец XIX-начало XX вв). // Вестник, №3,1996. 90,91-б.
9. ЦГА .ф. 11. Оп.1.д.3, л. 44.
10. Есназарова З. Б. Қарақалпақстанда районлардың дүзилиў тарийхынан. «Zamanagóy talaplar sharayatında pedagogikalıq bilimlendiriw sapası» atamasındaǵı «IFTE-2023: Uzbekistan» xalıqaralıq konferenciyası материаллары. –Нөкис: 2023. 20-б.
11. ЦГА РК. Ф.№ Р-12, оп.1. л, 27.
12. ЦГА.РК.ф.12,оп,1. Д,727.
13. ЦГА. РК, ф.322, оп. 1.д, 87,л 19: 324, оп.1, д 4, 5, л.3.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Қорақалпоғистонда шаҳарларнинг генезиси ва типологияси тарихий нуқтаи назардан ўрганилади. Асосан, Чимбой шаҳрининг ривожланиши ва ўзига хос хусусиятлари жойлашиши, XX асрга тегишли демографияси ўрганилди. Қорақалпоғистон ҳудуди шаҳарларда халқнинг сони XVIII ва XX асрлардаги халқнинг ўсиш динамикаси таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается генезис и типология городов Каракалпакстана в историческом аспекте. В основном изучались развитие и расположение города Чимбай, его специфика, демография XX века. Анализируется численность населения городов на территории Каракалпакстана, динамика роста населения в XVIII и XX веках.

**SUMMARY.** The article examines the genesis and typology of cities in Karakalpakstan from a historical perspective. The development and location of the city of Chimbay, its specifics, and the demography of the twentieth century were mainly studied. The population are analyzed of cities in Karakalpakstan and the dynamics of population growth in the 18th and 20th centuries.

# ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН ҲУЖЖАТЛИ КИНОСИ
## (1991-2018 йиллар)

**У.Хужаниязов –** *тарих фанлари бўйича фалсафа доктори*
*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** Орол денгизи, экология, урф-одат, мустақиллик, табиат, маданият, ҳужжатли фильм, тарихий мавзу, студия, жанр.

**Ключевые слова:** Аральское море, экология, традиция, независимость, природа, культура, документальный фильм, историческая тема, студия, жанр.

**Key words:** Aral sea, ecology, tradition, independence, nature, culture, documentary film, historical theme, studio, genre.

Ўзбекистон ўз мустақиллигига эришгандан кейин бошқа соҳалар каби санъат соҳаларида ҳам туб ўзгаришлар юз берди. Шу жумладан кино соҳасида ҳам.

Мустақиллик йилларида қорақалпоқ кино санъати ҳар жиҳатдан камол топиб, ўз тараққиётида бир қанча ютуқларни қўлга киритди.

Қорақалпоғистонда кино санъатининг ташкил қилиниши ўтган асрнинг 70-йилларига тўғри келади. Дастлаб 1970 йил Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Кенгаши Киномотография давлат комитетининг махсус қарори билан Нукусда Ўзбекистон ҳужжатли ва илмий-оммабоп фильмлар киностудиясининг Қорақалпоғистон филиали очилди. Кейинчалик, яъни 1990 йили алоҳида "Қорақалпоқфильм" киностудияси ташкил этилди. Қорақалпоғистон умуммаданияти силсиласида кино санъатининг ташкил қилиниши ва унинг мустақиллик йилларида мустақил киностудиясининг– "Қорақалпоқфильм"га айлантирилиши Қорақалпоғистон Республикаси халқи маданий ҳаётида катта воқеа бўлди.

Мустақиллик йиллари қорақалпоқ ҳужжатли кино санъати ўзининг ижодий тараққиёт босқичига кирди. Бу йиллар "Қорақалпоқфильм" киностудияси мустақил ҳолда кино ишлаб чиқариш даражасига етишди, у муносиб кадрлар билан таъминланди, моддий-техник даражаси яхшиланди.

Таъкидлаш зарурки, 1990 йилларда, яъни "Қорақалпоқфильм" алоҳида киностудия қилиб шакллантирилган дастлабки даврларда илгаригидек, 4 та киножурнал ва 4 та ҳужжатли фильм ишлаш имкониятига эга бўлган. Мамлакатимиз мустақилликка эришгач, "Қорақалпоқфильм" студияси жамоасида ҳам руҳан кўтаринкилик, фаоллик кучайди, миллий қадриятларга бўлган иштиёқ, уларни халққа етказиш масъуллиги жамоанинг ҳар бир аъзосида уларнинг миллат олдидаги бурчи сифатида шаклланди ва қарор топди. Бунинг натижаси ўлароқ, кейинги 1991-93 йилларда 10-15, 2004 йилдан бошлаб эса йилига 15-20 ҳужжатли фильмлар ва "Қорақалпоғистон" журналининг 4-6 та сонларини чиқариш имкониятига эга бўлдилар. 2007 йилда бу кўрсаткич 23 тага етди. Бу йиллари қорақалпоқ ҳужжатли кино тематикаси янада кенгайиб мазмун моҳияти яхшиланди.

Мазкур йилларда студия кино ижодкорлари томонидан тасвирга олинган ҳужжатли фильмларда бугунги кунда юртимизда юз бераётган ижобий ўзгаришлар, давлатимизнинг ижтимоий-иқтисодий ва маданий ҳаётида амалга оширилаётган ислоҳотлар ҳамда янгиликлар, шунингдек қўлга киритилаётган ютуқлар бош мавзу сифатида ўз ифодасини топди.

"Қорақалпоқфильм"да яратилган ҳужжатли фильмлар ўзининг турли мавзуларга бағишланганлиги, қамров доирасининг кенглиги, кўп миқдорга эгалиги, тасвир фонининг бойлиги билан ажралиб туради.

Студия ижодкорлари мустақиллик йиллари Орол денгизи фожеаси ва унинг оқибатлари, Қорақалпоғистон табиати ва унинг ўзига хослиги, қорақалпоқ халқи урф-одатлари ҳамда анъаналари, атоқли олимлар ҳамда илм-фан фидойилари, маданият ва санъат арбоблари, шоир ва ёзувчиларнинг ҳаёти ва ижодий фаолиятлари, шунингдек тарихий мавзуларга кўпроқ эътибор қаратди ва улар тўғрисида қизиқарли ва ибратли ҳужжатли фильмлар яратди.

Қуйидаги мавзуларга ишланган ҳужжатли фильмлар уларнинг айрим намуналаридир.

Орол денгизи фожеаси ва унинг салбий оқибатлари, шунингдек ҳududдаги экологик вазият ҳақидаги фильмлар:

Мустақиллик йиллари студия ижодкорлари Орол денгизи фожеаси ва унинг салбий оқибатлари, ҳудуддаги экологик вазият ҳақида қатор ҳужжатли фильмлар яратишди. Буларга "Орол дардим менинг" (1995, О.Абдураҳмонов), "Орол – умид денгизи" (1995,